



# SCHOOL BOARD OF POLK COUNTY

P.O. BOX 391  
BARTOW, FLORIDA 33831

(863) 534-0500

1915 SOUTH FLORAL AVENUE  
BARTOW, FLORIDA 33830

Chè Paran/Responsab Elèv:

Nan lide pou l rasire l li mete yon espas aprantisaj san danje pou tout elèv e pou yo tout ap patisipe nan aktivite lekòl yo, san wetire elèv ki gen ,maladi dyabèt (malady sik) yo, Direksyon Jenral Lekòl nan Depatman Polk la mete sou pye yon sistèm tretman ki di ki jan pou yo pran swen elèv ki dyabetik nan tout lekòl la.

Kòm paran/responsab elèv ki fè maladi sik, ou gen responsablite pou w:

1. Avèti ekip klinik lekòl la pi vit posib epi ranpli e/oswa renouvle Fòm Enfòmasyon Medikal pitit ou a lè yo fèk dekouvri maladi a sou li oswa lè li rantre lekòl.
2. Bay lekòl la preskripsyon pwofesyonèl lasante a bay pou yo pran swen maladi sik la, epi nenpòt preskripsyon tou nèf oswa nenpòt chanjman yo fè nan tretman maladi sik pitit ou a, yon fason pou lekòl la ka fè aplike chanjman an. Yo rekòmande anpil pou paran an/responsab elèv la travay nan tèt kole avèk pwofesyonèl lasante a pou mete sou pye yon Plan Tretman Medikal pou Maladi Sik la (DMMP). Yo voye ansanm ak lèt sa a yon egzant DMMP pwofesyonèl lasante w la kapab ranpli e ki disponib tou nan [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net), fè klik sou "Parents, Forms ak Documents". Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman polk la aksepte preskripsyon kòrèk pwofesyonèl lasante otorize ranpli ki pa menm ak DMMP lekòl la voye pou yo ranpli a.
3. Patisipe nan devlope swen sante/plan dijans elèv la.
4. Bay medikan ki gen etikèt kòrèk sou yo, ekipman, materyèl rezèv ak ti bagay pou manje ki fèt ak sik pwofesyonèl lasante a preskri .
5. Bay otorizasyon ekri ki soti nan men pwofesyonèl lasante otorize e nan men paran/responsab elèv la, epi patisipe nan devlope yon Kontra Medikaman lè w jije elèv la pa ka patisipe nan ede tèt li nan tretman dyabèt li a, (*Yo pèmèt elèv ki fè maladi dyabèt pou yo mache ak medikaman yo sou yo epi pou yo patisipe nan fòmasyon konsènan swen pou dyabetik yo pandan yo nan lekòl la, pou l patisipe nan aktivite k'ap fèt nan lekòl la oswa aktivite lòt kote lekòl la ap sipòte, si paran an oswa doktè elèv la te bay direktè lekòl la otorizasyon ekri pou sa.*)
6. Bay elèv yo posiblite pou yo bay tèt yo swen pou maladi sik yo a (dapre laj yo) san w pa bliye ankouraje yo e edike yo pou yo:
  - Konnen senòm yo ka genyen lè sik la wo e lè li ba nan san yo
  - Aprann kontwòl sik yo epi konn sa pou yo fè dapre rezilta yo jwenn
  - Konnen kouman e ki lè pou w di yon moun majè li ka genyen yon pwoblèm sik
  - Pote yon braslè avèsman k'ap di lè sik la nan nivo ki danjre
  - Mache ak ensilin yo sou yo e kapab bay tèt yo enjeksyon an, nan materyèl ki rele pen nan oswa nan pomp lè sa nesèsè
  - Enfòmè anplwaye ki fèk vini epi pwofesè yo konsènan plan dijans yo e sou bezwen lasante yo

**Remak:** Dapre règleman Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la, se sèlman enfimye ki gen lisans ki kapab bay medikaman ki rele ensilin nan, oswa ki kapab sipèvizè moun k'ap bay enjeksyon ensiling nan, kèlkeswa yo t'ap bay li nan sereng, nan materyèl ki rele pen nan oswa nan pomp. Enfimye k'ap travay nan lekòl yo pa gen dwa bay ensilin san yon preskripsyon ekri valab ki soti nan men yon pwofesyonèl lasante otorize. Dapre Depatman Lasante nan Floriud, enfimye lekòl yo dwe pran preskripsyon ensilin sèlman nan men pwofesyonèl lasante ki gen otorizasyon pou preskri medikaman sa a dapre lwa nan Florid. Yo egzije yon fòm otorizasyon valab/preskripsyon doktè/plan tretman medikal nan koumansman chak ane lekòl epi nenpòt ki lè yo chanje medikaman an oswa dòz medikaman an. Si yon elèv pote nan lekòl la preskripsyon ki pa kòrèk/ki pa konplè, se paran an/responsab elèv la k'ap responsab bay pitit li a swen medikal pou maladi sik la selon bezwen elèv la jiskaske lekòl la resevwa preskripsyon kòrèk otorize a.

Mèsi paske w'ap kolabore avèk nou nan jefò n'ap fè pou bay pitit ou yon espas san danje pou aprann. Si w gen keksyon oswa enkyetid, tanpri tcheke lekòl pitit ou a oswa rele enfimye RN ki atache nan Sèvis Lasante Lekòl nan Depatman Polk la nan nimewo 863-291-5355.

Encl: 2  
Rev. 5-2012 Diabetes – HC Parent Letter

*Polk County Schools -  
an equal opportunity  
institution for education  
and employment*

*The Mission of Polk County Public Schools is to ensure rigorous, relevant learning experiences  
that result in high achievement for our students.*